

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun.

Paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda (AKSAN) mangrupa organisasi anu sipatna mandiri, sosial, jeung anti dina *kekerasan* ogé ngajungjung nilai-nilai luhur. Paguyuban AKSAN miboga aktifitas jeung kreatifitas dina mertahankeun budaya nyaéta gotong-royong, ngabina rasa kakulawargaan, kabersamaan, katerbukaan jeung démokratis antar sasama ngaliwatan kagiatan kasundaan nyaéta tari jaipong, celempung, penca silat, calung, pop Sunda, upacara adat jeung sawala. Tangtuna diunggal paguyuban miboga slogan séwang-séwangan saperti paguyuban AKSAN “Pageuh Keupeul, Léah Usap Lega Awur” anu miboga ma’na nguatkeun *persatuan* jeung *kasatuan*, adil ogé bijak, *berdedikasi* sosial, silih tulungan, sarta kuat dina keyakinan demi utuhna Bangsa jeung Nagara. Anggota paguyuban AKSAN kaasup anu teu pati paham kana kabasaan hususna basa Sunda lantaran di éta paguyuban leuwih némbongkeun kualitas senina lain kualitas basana, anu antukna kabasaanna teu pati dipaliré.

Kasatiaan anggota paguyuban AKSAN kana basa Sunda némbongkeun sikep anu positif sajumlah 82%. Anggota paguyuban AKSAN miboga anggapan yén penting ngagunakeun basa Sunda dina paguneman sapopoé boh jeung kulawarga atawa babaturan, nalika aya kagiatan kasundaan anu diayakeun ku paguyuban AKSAN, bisa maké basa Sunda keur urang Sunda, sarta ngabéla nalika aya anu ngahina atawa ngagoréng basa Sunda. Sok sanajan sikepna bisa disebut sikep positif tapi dina émprona mah masih aya anggota paguyuban AKSAN anu ngagunakeun basa Indonesia jeung basa campuran, hartina pamakéan basa Sunda di paguyuban AKSAN téh masih can optimal. Salian ti kasatiaan anggota paguyuban AKSAN kana basa Sunda ditalungtik ogé ngaliwatan pola makéna basa nyaéta: (1) nyarita jeung mitra catur, anu ngagunakeun basa Sunda aya 80%, anu ngagunakeun basa Indonesia aya 13,3%,

sedengkeun anu ngagunakeun basa campuran (Sunda jeung Indonesia) aya 6,7%; (2) nyarita dumasar kagiatan sapopoé, anu ngagunakeun basa Sunda aya 54,4%, 34,4% anu ngagunakeun basa Indonesia, 2,2% anu ngagunakeun basa Arab jeung 9% anu ngagunakeun basa campuran (Sunda jeung Indonesia); (3) nyarita dumasar tempat, anggota paguyuban AKSAN anu ngagunakeun basa Sunda aya 58,2%, 34% anu ngagunakeun basa Indonesia, 7,8% anu ngagunakeun basa campuran (Sunda jeung Indonesia).

Kareueus anggota paguyuban AKSAN kana basa Sunda némbongkeun sikep anu positif sajumlah 65,4%. Anggota paguyuban AKSAN miboga anggapan yén penting nalika ngajak ka batur pikeun ngagunakeun basa Sunda, penting ngamimitian ngobrol atawa gunem catur ngagunakeun basa Sunda, penting maké basa Sunda dina poé Rebo, luyu jeung Perda anu geus diatur ku Pamaréntah, sarta perlu ngawanohkeun kekecapan ka nu lain urang Sunda pikeun ngaronjatkeun *éksisténsi* basa Sunda. Anggota paguyuban AKSAN ogé teu panuju saupama aya nu nyarita ngagunakeun basa Sunda dianggap kuno, kitu deui teu masalah lamun nyarita maké basa Sunda dihareupeun jalma nu teu bisa ngagunakeun basa Sunda. Sikep saperti kitu geus némbongkeun sikep kareueus kana basa Sunda anu positif.

Kasadaran anggota paguyuban AKSAN kana basa Sunda kawilang positif tapi can optimal sajumlah (51%). Disebut positif lantaran anggota paguyuban AKSAN miboga anggapan yén penting bisa ngagunakeun tatakrama basa Sunda (Undak-Usuk basa Sunda) jeung penting ayana tatakrama basa Sunda pikeun kasopanan dina nyarita atawa komunikasi jeung papada jalma. Disebut can optimal lantaran anggota paguyuban AKSAN sorangan can bisa ngalarapkeun jeung maham bener kana tatakrama basa Sunda. Kasadaran kana ayana norma basa Sunda geus aya, tapi kurangna pangaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda, anu antukna tatakrama basa Sunda geus jarang dipaké jeung aya rasa kasieun ngagunakeun basa Sunda nalika nyarita. Ku kituna, kasadaran anggota paguyuban AKSAN kana basa Sunda téh positif tapi can optimal.

Faktor-faktor anu mangaruhan sikep anggota paguyuban AKSAN kana basa Sunda ngawengku kasang tukang réspodén, lingkungan sosial, jeung pangaweruh kabasaan. Kasang tukang réspodén di dieu némbongkeun ti mana

asal wewengkon anggota paguyuban AKSAN nyaéta lolobana ti daérah Jawa Barat anu mayoritasna bisa jeung biasa ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé nalika komunikasi. Lingkungan sosial anu némbongkeun kumaha pola makéna basa anggota paguyuban AKSAN dina komunikasina nu sok robah luyu jeung kaayaan anu disanghareupanana. Sarta pangaweruh kabasaan anu kapaluruh tina mahamna atawa kasadaran masarakat kana ayana tatakrama basa Sunda nu masih héngkér ngabalukarkeun anggota paguyuban AKSAN teu ngalarapkeun éta tatakrama basa Sunda lantaran rasa kasieun jeung salah paham nalika komunikasi, anu antukna éta tatakrama basa Sunda téh teu dipaké.

Dumasar kana data anu geus dipedar, bisa dicindekkeun yén sikep basa anggota paguyuban AKSAN kana basa Sunda nyaéta positif sanajan masih can optimal. Ku kituna, perlu diayakeun deui hal-hal séjén nu matak ngarojong kana kaoptimalan sikep basa positif anggota paguyuban AKSAN.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, pedaran jeung kacindekan nu geus dipedar saméméhna, katitén dina kasatiaan, kareueus jeung kasadaran kana basa Sunda anggota paguyuban AKSAN masih can optimal sarta can tuhu jeung luyu kana Tetekon basa Sunda (tatakrama basa Sunda) nu ngabalukarkeun sikep basa Sunda anggota paguyuban AKSAN kawilang héngkér dina komunikasina lantaran masih aya anu ngagunakeun basa campuran.

Implikasi tina ieu panalungtikan ngeunaan sikep basa nétélakeun yén kasatiaan, kareueus jeung kasadaran masarakat kana bahasa Sunda teu sarua dina hirup kumbuh sapopoéna, hususna di Paguyuban AKSAN. Ieu sikep basa téh hayang ngaronjat lamun aya kasadaran jeung panggeuing yén basa Sunda téh kudu nanjeur, kudu dipiara sarta ayana intsruktur anu méré nyaho ngeunaan basa Sunda, contona waé lamun aya pelatihan-pelatihan kudu aub atawa ancub boh éta ti pamaréntah atawa ti paguyubanna sorangan. Ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh jeung mekarkeun paélmuan sosiolinguistik ngeunaan basa jeung cara makéna basa di masarakat hususna sikep basa. Salian ti éta, dipiharep miboga mangpaat pikeun panalungtik ogé masarakat pikeun méré gambaran ngeunaan

sikep basa Sunda nu sumebar di masarakat, sarta jadi panggeuing pikeun sakabéh masarakat hususna anggota paguyuban AKSAN sangkan tuluy nanjeurkeun jeung maké basa Indung atawa basa Sunda dina komunikasina.

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus ngalaksanakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun ku panalungtik saperti ieu di handap.

- a. Dipiharep paguyuban AKSAN bisa ngayakeun atawa nanjeurkeun deui hal-hal anu aya patalina jeung kabasaan hususna dina basa Sunda jadi teu ngan saukur hadé dina budayana hungkul, tapi ogé hadé dina basana. Ku cara ngajarkeun jeung maké basa Sunda nalika gunem catur boh di lingkungan Paguyuban atawa di luar lingkungan paguyuban.
- b. Ngayakeun panalungtikan ngeunaan sikep basa ka komunitas-komunitas séjén nu aya di Jawa Barat.
- c. Perlu ayana advokasi ngeunaan sikep anggota Paguyuban AKSAN kana basa Sunda dina hirup kumbuh masarakat sapopoé.